

SS.7.C.1.1

Rekonèt jan lide Syèk Limyè a enkli opinyon Montesquieu nan separasyon pouvwa ak teyori John Locke ki gen rapò ak lwa natirèl ak ki jan kontra sosyal Locke a te enfliyanse Zansèt Fondatè nou yo.

SS.7.C.1.1 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye e dekri lide Syèk Limyè a de separasyon pouvwa yo, lalwa natirèl, ak kontra sosyal.

Nan lane 1700 yo, yon mouvman te devlope nan Ewòp ki rele **Syèk Limyè**. Lide prensipal Syèk Limyè a sete enpòtans pou aprann ak rezònman. Pansè Syèk Limyè yo te kwè ke edikasyon tap rezoud pwoblèm sosyete a.

Pansè sa yo te konsantre sou relasyon ki genyen ant gouvènman an ak pèp la ke yo tap gouvène a. Lide yo enkli **separasyon pouvwa yo, lalwa natirèl, ak kontra sosyal**.

Separasyon pouvwa yo vle di ke pouvwa nan gouvènman divize an twa branch. Chak branch gen pwòp responsablite li. Sa a se te yon nouvo lide nan Ewòp paske pifò gouvènman yo se yon sèl moun ki te gen tout pouvwa a, tankou yon wa oswa yon rèn. Lide **Kontwòl ak balans** pèmèt ke chak branch ka limite pouvwa lòt branch yo.

Lalwa natirèl se lide Syèk Limyè a ke tout èt imen fèt avèk li epi yo gen dwa a sèten dwa tankou lavi ak libète. Lalwa natirèl se yon kozman inivèsèl, ki vle di ke dwa sa yo garanti a tout moun tou senpleman paske yo te fèt. Locke ak Montesquieu kwè ke lwa gouvènman ak aksyon yo dwe respekte **dwa natirèl** ak reflekte lalwa natirèl.

Finalman, Locke ak Montesquieu kwè nan lide yon kontra sosyal. Yon kontra sosyal kreye lè yon sosyete ki òganize dakò sou relasyon ki genyen ant gouvènman an ak pèp la. Relasyon sa a defini dwa ak devwa pèp la, ak limit e responsablite gouvènman an.

dwa natirèl - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

Kontra sosyal - yon akò enplisit nan mitan pèp la de yon sosyete ki òganize ki defini dwa yo, devwa yo, ak limit pou moun kap gouvène a ak gouvènman an

kontwòl ak balans - yon prensip gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an pou limite pouvwa lòt branch yo

lalwa natirèl - lwa ke gouvènman an te pase pou pwoteje dwa natirèl

separasyon pouvwa - estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete ansanm twa branch avèk pwòp pouvwa distenk ak responsablite yo

Syèk Limyè - yon peryòd nan istwa Ewopeyen lè anpil moun ki edike te ensiste sou enpòtans pou aprann ak rezònman; edikasyon te konsidere kòm kle pou konpreyansyon ak rezoud pwoblèm sosyete a